



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 8/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO KONPLIMANTE GAYAN KONPETISYON KOUUP DIVEN 2016
GOUVÈNÈ A**

***Konpetisyon an mete aksan sou diven, bwason, ak sidr nivo mondyal nan Eta
New York***

Konplete aksyon Eta pou modènize endistri bwason atizanal la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse gayan nan konkou koup Gouvènè 2016 la nan 31^{yèm} New York Wine & Food Classic, ki te fèt nan dat 9 ak 10 Out nan Watkins Glen, NY. Ane sa, twofe konvwate Koup Gouvènè a, prim ki pi estime ke yo te bay nan Classic la, te prezante a Billsboro Winery ki soti nan rejyon Finger Lakes pou diven Syrah 2013 yo a. Anplis prim “Etablisman Diven pou Ane a” te ale nan Keuka Springs Vineyards, ki nan rejyon Finger Lakes tou. Konnen tankou “The Oscars” nan konpetisyon diven New York, Classic la mete aksan sou diven, sidr ak bwason rafine ki fèt nan Empire State. Anons lan vini apre resan aksyon eta pou modènize lwa demode New York sou kontwòl bwason alkolize.

“Apati Long Island pou rive nan Finger Lakes, New York vineyards kontinye ap pwodui kèk nan diven ki pi rafine nan peyi sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan sis dènye ane ki sot pase yo, administrasyon sa te travay san relach pou sipòte endistri sa epi ede l pwospere nan fason nou tout konnen li ta dwe ye. Teni kont de tout pwodui yo te montre jodia, efò sa yo klèman rekonpanse. Mwen vle konplimante tout gayan yo nan Koup Gouvènè a epi ankouraje tout Nouyòkè yo pou panse lokal lè yap achte pwochen boutèy la.”

New York Wine & Grape Foundation òganize Classic la e li ouvè pou plis pase 400 etablisman diven nan Eta New York. Konpetisyon ane sa te gen ladan 951 antre endividyèl: 893 New York wines, 20 sidr brit ak 38 bwason atizanal ki soti nan diferan rejyon, enkli Long Island, Hudson Valley, Finger Lakes, ak Lwès New York.

Prezidan New York Wine & Grape Foundation Jim Trezise te deklare, “New York Wine & Food Classic gen rekonesans nasyonal pou kalite jij yo, òganizasyon sipèb, ak valè pwomosyonèl. Nou aplodi gayan yo nan yon aktivite ki konpetitif anpil, ansanm avèk gwo sipò Gouvènè Andrew Cuomo ansanm avèk administrasyon li a pou endistri New York wine.”

Komisyonè Agrikilti ak Mache Eta New York Richard A. Ball te declare, “Agrikilti se

fondasyon yon endistri bwason atizanal solid e isit la nan New York, nou gen pwodiktè ak fabrikan nivo mondyal. Kalite pwodui yo, makonnen avèk lidèchip Gouvènè Cuomo ansanm avèk gwo angajman pou endistri a kap grandi, te pèmèt pwodiktè bwason atizanal nou yo reyalize siksè kontinye. Mwen pa ka tann pou m sipòte pwochen akonplisman yo.”

Prezidan, PDG & Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Konpliman a gayan Konpetisyon Koup Diven Gouvènè 2016 la e mwen remèsye tout patisipan yo paske yo te sipòte endistri bwason atizanal New York sa kap grandi. Apati 2010 jiska 2015, travay manifakti nan etablisman diven yo te ogmante pa 30 pousan, e nap rete tann pou n kontinye tandans sa pandan nap sipòte kwasans endistri sa epi kontinye sòlve sansibilizasyon sou diven, byè, bwason ak sidr ki gen renome mondyal Empire State gen pou ofri.”

Prezidan New York State Liquor Authority Vincent Bradley te deklare, “Lè nou travay men nan men avèk endistri a, Gouvènè Cuomo te kreye yon klima kote endistri diven New York la te eksperimente yon gwo kwasans alafwa nan kalite ak kantite. Mwen konplimante tout gayan jodia yo, ki anplis de fabrike diven nivo mondyal, ap pwodui yon enpak pwofon sou ekonomi New York.”

Yo te atribye antre yo baze sou degistasyon enkonni pa 22 jij espesyalis ki soti toupatou nan peyi a, ansanm avèk jij ki soti London. Jij yo te gen ladan yo ekriven enpòtan diven, restoratè, detayan ak edikatè diven. Panèl jij yo te detèmine prim inisyal la, avèk pi wo pwèn pou diven ki te evalye pa tout 22 jij yo pou pi bon kategori ak prim Koup Gouvènè a.

Ane sa, yo te atribye yon total 71 Meday Doub Lò, 106 Lò, 386 Ajan, ak 250 Bwonz. Meday Doub Lò te egzije inanimite pami komite jij la kote meday lò a te egzije yon vòt majorite.

Gouvènè a te anonse tou gayan annapre yo nan konpetisyon 2016 New York Wine & Food Classic la:

Gayan ‘Best of Category’ [Pi bon nan Kategori a]:

Best Sparkling Wine-
Sparkling Pointe Vineyards & Winery 2013 Brut, Methode Champenoise

Best White Wine-
Keuka Spring Vineyards 2015 Gewürztraminer

Best Blush or Rosé Wine-
21 Brix Winery Ellatawba

Best Red Wine-
Billsboro Winery 2013 Syrah

Best Dessert Wine-
Wolffer Estate Vineyard 2015 Descencia Botrytis Riesling/Chardonnay

Gayan 'Best of Class' [Pi bon nan kalite]:

Prim Best of Class te ale jwenn diven Doub Meday dò oswa meday dò nan kategori 10 diven omwen.

Best Oaked Chardonnay-
Whitecliff Vineyard 2014 Reserve Chardonnay

Best Unoaked Chardonnay-
Lieb Cellars 2015 Bridge Lane Chardonnay

Best Gewürztraminer-
Keuka Spring Vineyards 2015 Gewürztraminer

Best Dry Riesling-
Keuka Spring Vineyards 2015 Humphreys Vineyard Riesling, Single Vineyard Series

Best Medium Dry Riesling-
Doktè Konstantin Frank 2015 Riesling, Semi-Dry

Best Medium Sweet Riesling-
Keuka Spring Vineyards 2015 Semi Sweet Riesling

Best Sweet Riesling-
Wagner Vineyards 2013 Riesling Select, Estate Grown & Bottled

Best Overall Riesling-
Keuka Spring Vineyards 2015 Semi Sweet Riesling

Best Pinot Grigio-
Duck Walk Vineyards 2015 Pinot Grigio

Best Other Vinifera White Varietal-
Palmer Vineyards 2015 Albariño

Best Vinifera White Blend-
Bedell Cellars 2015 Taste White

Best Vinifera/Hybrid White Blend-
Keuka Spring Vineyards Celebrate

Best Cayuga-

Swedish Hill Winery 2015 Cayuga White

Best Seyval-
Benmarl Winery 2015 Seyval Blanc

Best Traminette-
Seneca Shore Wine Cellars Traminette, Estate Bottled, DeMarco Vineyards

Best Vidal-
J.R. Dill Winery 2015 Vidal Blanc

Best Cold Climate White Varietal-
Coyote Moon Vineyards Brianna

Best Hybrid White-
Hazlitt 1852 Vineyard White Stag

Best Niagara-
Americana Vineyards Crystal Lake

Best Catawba-
21 Brix Winery Ellatawba

Best Native Varietal-
Coyote Moon Vineyards Fire Boat Red

Best Vinifera Rosé-
Wagner Vineyards 2015 Rosé of Cabernet Franc

Best Cabernet Sauvignon-
Osprey's Dominion Vineyards 2013 Cabernet Sauvignon Reserve

Best Merlot-
Clovis Point Vineyard & Winery 2013 Vintner's Select Merlot

Best Pinot Noir-
Osprey's Dominion Vineyards 2014 Pinot Noir

Best Cabernet Franc-
Kontokosta Winery 2013 Cabernet Franc

Best Other Red Vinifera Varietal-
Influence Wines 2015 Malbec

Best Syrah-
Billsboro Winery 2013 Syrah

Best Vinifera Red Blend-
Harbes Vineyard 2014 Red Blend, Proprietor's Reserve

Best Cold Climate Red Varietal-
Tug Hill Vineyards White Out, Estate

Best Fruit Wine-
Coyote Moon Vineyards Razzle Dazzle

Best Cider-
Brooklyn Cider House Half Sour

Best Spirit-
Finger Lakes Distilling McKenzie Bourbon Whisky

Best Port-
Goose Watch Winery 2015 Finale White Port

Best Late Harvest-
Wolffer Estate Vineyard 2015 Descencia Botrytis Riesling/Chardonnay

Best Ice Wine-
Sheldrake Point Winery 2014 Riesling Ice Wine, Wild Ferment, Estate Bottled

Best Vinifera Sparkling White-
Sparkling Pointe Vineyards & Winery 2013 Brut, Methode Champenoise

Best Vinifera Sparkling Pink-
Sparkling Pointe Vineyards & Winery 2013 Topaz Imperial, Methode Champenoise

Best Hybrid Sparkling White-
Swedish Hill Winery Blanc de Blancs

Yon prim Chanpyon Diven Spesyalite, ki rekonèt konsistans kalite pami kantite diven kap ogmante ki te fèt apati lòt fwi ki pa rezen, oswa myèl, ke yo te bay tou. Li te prezante a Coyote Moon Vineyards Razzle Dazzle. Yon prim Best Limited Production Wine, pou diven ki te pwodui avèk mwens pase 100 bwat, te ale nan Finger Lakes Community College Viticulture & Wine Tech Corp. Pi bon diven rezen sèk, 2015 Gather, Wap jwenn rezilta Konplè 2016 Classic [isit la](#).

Depi lè Gouvènè Cuomo te pran fonksyon, li te travay pou sipòte ak devlope endistri sa a, ki se yon motè prensipal pou kreyasyon djòb ak devlopman ekonomik nan kominote yo ki toupatou nan eta a. Nan kad twa somè reyisi Diven, Byè, Bwason ak Sidr, Eta New York te enpleman lansman inisyativ epi aplike plizyè règleman refòm ansanm avèk adopte lejislasyon pou sipòte ak devlope endistri bwason ak agrikilti.

Ane sa, Gouvènè Cuomo ansanm avèk lidè lejislatif yo te anonse yon akò pou modènize Lwa sou Konwòl Bwason Alkolize a ki gen 80-ane, sa kap pèmèt ke yo vann alkòl pi bonè nan dimanch, senplifye lisans, otorize etablisman diven yo pou yo vann nan kontenè rechajab e egalman ajoute dispozisyon bon sans pou ogmante lavant.

Akò a chita sou pwogrè Gouvènè a te fè pandan senkan ki sot pase yo, sa ki gen ladan adopte lwa 2014 sou Bwason Atizanal New York, pou diminye règleman sou pwodiktè yo epi soulaje restriksyon sou komèsyalizasyon pwodui atizanal yo. Depi 2011, Eta te kreye tou de lisans manifakti ki baze sou fèm, lanse yon kanpay pwomosyon \$60 milyon nan tout eta, epi elaji kredi pou pwodiksyon Alkòl, sa yo prevwa kap ekonomize etablisman diven, distilè ak sidè yo \$4 milyon sou pwochen dezan.

Kounye a, New York se kay prèske 900 antrepriz pwodiksyon diven, brasri, distilri ak sidri. Depi 2011, kantite etablisman diven fèm nan New York te ogmante pa plis pase 60 pousan, apati 195 nan 2010 pou rive a 315 jodia. Anplis, kantite etablisman diven kap ouvè branch yo te ogmante pa 131 pousan, apati 29 pou rive a 67, e lisans fèm sidri a ki te kreye nan 2014, te lakoz nan 22 nouvo fèm sidri nan Eta New York.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418